

Kisa twoub aprantisaj ye?

Otè a se Trynia Kaufman, MS

Nou fè patenaraya ak Understood.org pou nou founi edikatè ak fanmi yo resous ke ekspè verifye e ki fonde sou done ki pwouve konsènan diferans ki genyen nan aprantisaj.

Yon rezime

- Twoub aprantisaj yo se difikilte nan lekti, ekriti, ak matematik.
- Gen ant 5 ak 15 pousan moun ki genyen yon twoub aprantisaj.
- Twoub aprantisaj pa disparèt kay moun, men gen estrateji ak sipò ki ka ede.

Twoub aprantisaj yo se difikilte nan lekti, ekriti, ak matematik k ap dire pou lavi. Yo ka afekte moun nan lekòl, nan travay e nan lavi kotidyen.

Gen ant 5 ak 15 pousan moun ki genyen yon twoub aprantisaj. Gen kèk moun ki rankontre difikilte nan yon sèl domèn. Men, sa fèt souvan pou moun rankontre difikilte nan plis pase yon domèn.

Se diferans byolojik ki lakòz twoub aprantisaj yo. Rechèch montre ke estrikti ak fonksyònman sèvo a diferan nan moun ki gen twoub aprantisaj. Eredite jwe yon wòl tou nan sa. Twoub aprantisaj ka se yon bagay ki nan fanmi an.

Twoub aprantisaj yo reyèl. Moun ki genyen l yo pa “jis parese.” Epi twoub aprantisaj yo pa gen rapò ak entèlijans.

Ou ka tande yo rele twoub aprantisaj yo *andikap aprantisaj* oswa *twoub aprantisaj espesifik*. Ou ka tande tou tèminoloji ki refere a yon kalite twoub aprantisaj espesifik, tankou disleksi oswa diskalkili.

Pifò twoub aprantisaj yo pa disparèt kay moun. Men, gen estrateji, sipò, ak apwòch ansèyman ki ka ede moun ki gen twoub aprantisaj yo pwospere.

Siy twoub aprantisaj yo

Siy yo depann de sa twoub aprantisaj la ye a. Siy yo ka parèt diferan nan diferan laj la ak kay moun ki diferan. Epi se pa tout moun ki gen menm nivo difikilte a.

Ou ka wè tou siy ki pa dirèkteman gen rapò ak konpetans. Moun ki gen twoub aprantisaj gen plis chans pou yo devlope anksyete oswa yon konfyans nan tèt yo ki ba. Timoun yo ka eseye kache difikilte yo lè yo gen move konpòtman nan lekòl oswa lakay yo. Epi moun tout laj ka evite fè tach yo rankontre difikilte ladan yo.

- Aprann sou [siy disleksyè yo](#).
- Aprann sou [siy diskalkilè yo](#).
- Aprann sou [siy twoub ekspresyon alekri yo](#).

Kòz twoub aprantisaj yo

Chèchè yo pa konnen egzakteman sa ki lakòz twoub aprantisaj yo. Men, yo konnen ke jèn ak diferans nan sèvo jwe yon wòl.

Twoub aprantisaj ka se yon bagay ki nan fanmi an. Moun ki gen yon paran oswa yon frè oswa sè ki gen yon twoub aprantisaj gen 4 a 10 fwa plis chans pou yo gen yon twoub aprantisaj. Chèchè yo jwenn plizyè jèn ki ka jwe yon wòl.

Aprann sou [etid sou imajri sèvo](#) ki montre diferans nan sèvo ant moun ki gen twoub aprantisaj ak moun ki pa genyen l.

Kòman yo dyagnostike twoub aprantisaj

Sèl fason pou sèten si yon moun gen yon twoub aprantisaj se atravè yon evalyasyon. Sa ka fèt swa nan lekòl la oswa an prive.

Gen kèk tip pwofesyonèl ki ka evalye moun pou twoub aprantisaj. Ladan yo genyen sikològ lekòl yo, sikològ klinik, ak newosikològ yo.

Yon evalyasyon pral eseye idantifye pwen fò ak difikilte espesifik yo nan konpetans pou lekti, ekriti, ak nan matematik.

Aprann plis sou [evalyasyon](#) pou twoub aprantisaj yo.

Pwochen etap yo

Li enpòtan pou konnen ke gen apwòch ansèyman ak estrateji ki ka ede devlope konpetans sa yo. Lè gen yon dyagnostik (lekòl yo rele li yon idantifikasyon) sa ka fè w jwenn sipò ak sèvis pou timoun yo nan lekòl. Granmoun ki gen twoub aprantisaj ka jwenn akomodasyon nan travay yo.

Lè moun ki gen twoub aprantisaj yo genyen bonjan èd ak sipò sa pèmèt yo pwospere nan lekòl, nan travay, ak nan kominote yo.

Paran ak moun k ap bay swen: Chèche konnen [kijan pou w mande yon evalyasyon lekòl gratis](#).

Pou edikatè: Eksplòre [akomodasyon ak modifikasyon komen yo itilize nan lekòl la](#).

Granmoun ak anplwayè: Aprann sou [akomodasyon nan espas travay la](#).

Otè a

Trynia Kaufman, MS, se jesyonè prensipal rechèch editoryal nan Understood. Li se yon ansyen edikatè e li fè prezantasyon nan tout peyi a nan konferans sou edikasyon.

Revizè a

Ellen Braaten, PhD, se direktè LEAP (Pwogram Aprantisaj ak Evalyasyon Emosyonèl) nan Massachusetts General Hospital (Lopital Jeneral nan Massachusetts).